

Kesyon Moun Poze Souvan sou Vaksen COVID-19 pou timoun ki gen 6 mwa jiska 5 lane

Poukisa timoun ki gen mwens pase 5 lane dwe pran vaksen COVID-19?

COVID-19 la kapab fè timoun yo malad anpil. Gen dizèn milye timoun ak adolesan ki gen COVID-19 ki te entène lopital, epi fòm long COVID la kapab parèt lakay timoun yo.

Vaksen an se pi bon fason pou anpeche timoun ou an malad anpil. Li ede pwoteje timoun ki pa kapab mete mask oswa kenbe distans sosyal yo. Epitou, lè w vaksinen timoun yo li ede pwoteje moun ou renmen ki gen risk pou malad anpil ak COVID-19 tou.

Kisa ki ap rive si timoun mwen an gen COVID-19 deja?

Timoun yo ta dwe toujou vaksinen, menm si yo gen COVID-19 deja. Moun ki vaksinen nèt pi byen pwoteje pase moun ki sèlman konta-mine avèk COVID-19. Si timoun ou an te gen COVID, li kapab pran vaksen an depi li refè ak maladi an epi peryòd izòlman an fini.

Si mwen te pran vaksen COVID-19 la pandan gwochès mwen, èske timoun mwen an ap toujou bezwen pran vaksen an? Kisa k ap rive si mwen vaksinen epi m ap bay tete aktyèlman?

Wi, ou ta dwe bay timoun ou an vaksen an si ou te vaksinen pandan gwochès lan epi/oswa ou ap ba I tete aktyèlman? Menm si antikò yo kapab travèse pandan gwochès lan ak lè ou ap bay tete, pwoteksyon an kapab diminye pandan tan an ap pase.

Èske vaksen COVID-19 lan san danje pou timoun piti yo? Ki efè li genyen sou yon peryòd ki long?

Wi. Nou te etidye sekirite vaksen an lakay plis pase 10,000 timoun ki gen 6 mwa jiska 5 lane. Gen kèk timoun ki te gen efè sekondè lejè tankou fatig oswa lafyèv, men yo pa t rete konsa pandan anpil tan epi yo tout te vin refè byen rapid. Vaksen COVID-19 pou timoun yo se yon kalite vaksen ki rele vaksen ARNm (Asid Ribonikleyik Mesaje), te gen etid ki te fèt sou moun ak sou bêt pandan plizyè ane, yo pa jwenn efè sekondè sou yon peryòd ki long. Paske COVID-19 la kapab fè timoun yo malad anpil, pran vaksen an se pi bon chwa pou yo rete an sante ak an sekirite sou yon peryòd ki long.

Èske vaksen COVID-19 la efikas?

Wi. Esè klinik yo te montre vaksen pou timoun piti yo efikas pou diminye nivo enfeksyon an epi kreye nivo iminite ki menm jan lakay timoun yo ak adolesan ak adilt yo.

Ki kote timoun mwen an kapab pran vaksen an?

Si li posib, kontakte pwofesyonèl swen sante timoun ou an pou pwograme yon randevou. Si timoun ou an pa gen yon pwofesyonèl swen sante, itilize VaxFinder.mass.gov pou pran yon randevou nan yon famasi, sant sante, oswa lòt kote ki bay timoun piti vaksen an. Vaksinasyon adomisil yo disponib pou tout moun ki pa kapab ale nan yon lokal vaksinasyon komunitè.

Jwenn plis enfòmasyon sou
[mass.gov/CovidVaccineYoungKids](https://mass.gov/covidvaccineyoungkids)

